




Fè yon Chèdèv

Atizana ak Kreyon ke Solèy la Fonn

Si w'ap chache yon pwojè ke amizan e kreyatif, fasil a ki pa chè pou yon jou ki cho nan ete, eseye fè yon chèdèv ak kreyon ke solèy la fonn.

Kisa ke ou bezwen:

- Kreyon
- Plato bonbon
- Papye waks
- Ròch oubyen yon bagay ki lou pou kapab kenbe li si gen van
- Opsyonèl: Papye konstriksyon, sizo, ak lakòl oubyen tep pou kapab fè yon ankadreman pou atizana solèy fonn ou an.



Kisa pou fè:

1. Jwenn yon kote ki gen solèy. Plase yon moso papye waks nan yon plato bonbon e mete li nan solèy pou de twa minit pou li kapab chofe.
2. Yon fwa ke papye waks la cho, kòmanse desine sou li ak kreyon yo.
3. Lè ou kòmanse desine sou li w'ap wè ke chalè platon bonbon an a fonn kreyon an, e kreyon glise pi soup sou sifas papye waks la!
4. Lè ou finn desine, retire papye waks la nan plato bonbon an.

Nòt: Kapab gen rezidi ki rete nan plato bonbon an apre ou finn fè pwojè sa paske kouvèti ki sou papye waks la kapab fonn tou pitit anba solèy la. Pou kapab retire rezidi an, senpleman rense li ak dlo cho ak savon vesèl.



Lòt bagay pou eseye:

- Eseye mete de oubyen plis koulè ansanm, e gade kijan ke koulè yo blende ansanm.
- Eksperimente pou ekri non'w oubyen desine yon modèl.
- Pou kapab montre atizana ke solèy la fon, fè yon ankadreman pou li ak papye konstriksyon. Si ou mete li nan yon vit limyè kap briye sou li kapab montre yon diferan pèspektiv de bèl travay ke ou fè a.
- Mete de twa kreyon nan yon plato bonon e kite solèy la fonn yo nèt, epi mete kreyon ki fonn lan nan yon papye separe.
- Eseye a glas pentire si ou desine yon fòm ounbyen yon desin e travse li ak yon kolè de yon krayon. Si ou kapab, kreye seksyon nan yon pi gwo modèl, epi kolore nan seksyon an ak kreyon diferan koulè.